

**TRADHISI GUMBREGAN MAHESA ING DESA BANYUBIRU
KECAMATAN WIDODAREN KABUPATEN NGAWI
(Tintingan Folklor)**

E-JOURNAL



**Dening:
AGNES WAHYU LARASITA
16020114074**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

2020

**Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi
(Tintingan Folklor)**

**TRADHISI GUMBREGAN MAHESA ING DESA BANYUBIRU KECAMATAN
WIDODAREN KABUPATEN NGAWI
(Tintingan Folklor)**

Agnes Wahyu Larasita

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
Agneslarasita16020114074@mhs.unesa.ac.id

Drs. Sukarman, M.Si

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Tradhisi Gumbregan Mahesa diadhakake ana ing cedhak Kedhung gawe aduse kebo iki minangka wujud folklor setengah lisan sing ana ing Desa Banyubiru, Kecamatan Widodaren, kabupaten Ngawi. Tradhisi Gumbregan Mahesa bisa disingkat TGM iki minangka tradhisi kang isih diuri uri dening para masyakat ing sakiwa tengene. TGM iki minangka pralambang ngenani wujud pangucap syukur asil panen lan wujud syukur amarga kebo-kebo isih diparangi sehat. Tradhisi iki isih ngrembaka wiwit mbiyen nganti saiki lan dilakokake setaun pisan

Banjur ing undheran panlitene yaiku (1) Kepriye mula bukane TGM ing Banyubiru, (2) Kepriye tata laku adhicara TGM ing Desa Banyubiru, (3) Apa wae ubarampe kang ana ing adhicara TGM ing Desa Banyubiru (4) Apa makna saka TGM ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi, (5) Apa fungsi saka TGM ing Desa Banyubiru, (6) Kepriye upaya ngenani pelestarian TGM ing Desa Banyubiru. Kabeh iku mau minangka wujud saka TGM sing nggunakake tinthingan Folklor setengah lisan

Panliten ing kene bisa menehi gambaran ngenani anane TGM ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi kanthi tintingan folklor lan kanggo ndudhah perangan ngenani TGM kang dadi kabudayan Jawa, nambahi bab kawruh kanggone saperangan panliten liyane sing ngenani bab tradhisi Jawa sing mligine ngenani Upacara TGM ana ing Desa Banyubiru Kabupaten Ngawi, Nglestarekake tradhisi Jawa mligine Upacara TGM ing Desa Banyubiru.

Supaya bisa mecahake apa sing dadi undhering panliten iki, kudu ngunakake konsep lan teori kang trep lan mathuk. Ngenani panliten iki kalebu panliten jinis folklor. Banjur nggunakake metodhe panliten deskriptif kualitatif. Ana ing njero sumber dhata iki jinise ana loro yaiku sumber dhata *primer* lan sumber dhata *sekunder*.

Ngenani asile panliten iki ngandharake wujud panliten ana tata lakune yaiku: Musyawarah desa, Ngresiki desa, nyiapake piranti lan ubarampen, masak bebarengan, menehake panganan rakan, nyenthelaku kuoat lepet, slametan, nglumpukne kebo, arak arakan tumpeng, hiburan, dedonga, ngguyang kebo, kebo digiring kanggo mulih

Tembung-tembung wigati : wujud pangucap syukur, Tradhisi Gumbregan

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Kebudayaan kang ana iki minangka bentuk warisan saka para leluruh sing kudu dijaga lan dilestarike. Salah siji titikane para masyarakat Jawa iki yaiku nglestarike budaya sing diwarisake saka para leluhur. Saben kebudayaan/budaya/kearifan lokal iki nduweni ancas kang beda-beda lan nduwe sejarah kang uga beda-beda. Bab iki bisa didelok mligine Indonesia ing Tlatah Ngawi. Tradisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru iki yaiku kalebu ngenani kabudayaan sing lokal, amarga tradhisi nduweni bentuk lan warna dhewe sing beda antarane dhaerah siji uga sijine sing nganti seprene uga isih diuri-uri. Tradhisi Gumbregan Mahesa yaiku tradhisi kanggo bentuk wujud

syukur marang Gusti amarga uwis maringi sehat kebo-kebo nganti rampung anggone nggarap sawah. Tradhisi iki dianakake setaun pisan nepaki bubar panen. Tradhisi iki narik kawigaten yaiku ngenani kagiyatan sing bisa nglumpukake kebo sing cacah ana kurang luwih satus kebo kanggo ditirani utawa digumbreki kanthi cara bebarengan. Tradhisi Gumbregan Mahesa iki dianakake ana ing wayah panen sing kaping pindho utawa kaping telu. Bab iku manut karo dina sing nyedhaki karo jumlah pahing yaiku dina Gumbregan Kebo. Sadurunge objek Tradhisi Gumbregan iki durung nate diteliti dening sapa wae. Mula saka kuwi, panliti nduweni greget kanggo nlinti kang ngangkat bab iki dadi objek kanggo laporan skripsi. Alasan liyane yaiku ngenani Panrasane panliten bab iki

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

durung nate ana kajaba ana ing tlatah Ngawi. Banjur ngenani makna-makna kang ana ing ubarampen lan tata laku iku mau wis lumaket ana ing panguripane para masyarakat Desa Banyubiru. Ubarampe kang ana iki uga padha kaya biasane ana ing Tradhisi liya-liyane.

Panliti bakal ngrembug ngenani mula buhane Tradhisi Gumbregan Mahesa, titi leksana adhicarane, apa wae ubarampene, makna filosofis saka tradhisi Gumbregan Mahesa, fungsi saka Tradhisi Gumbregan Mahesa, lan upaya pelestarian Tradhisi Gumbregan Mahesa. Kabeh iku bakal diwujudake sajroning Laporan Panliten kanthi irah-irahan *Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan folklor)*. Kabeh bakal diandharake kanthi cetha ana ing ngisor iki. kasebut, tradhisi Gumbregan bisa dadi sawijining tradhisi sing nduweni pambiji sing luwih tinimbang karo tradhisi-tradhisi liyane.

1.2 Uderan Panliten

Saka andharan lelandhesan panliten kang ana ing dhuwur bisa didudut underan kang kaya mangkene, yaiku:

- (1). Kepriye mula buhane Tradhisi Gumbregan Mahesa kang ana ing Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi?
- (2). Kepriye tata laku adhicara Tradisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren kabupaten Ngawi?
- (3). Apa wae ubarampe kang ana ing adhicara Tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kabupaten Ngawi?
- (4). Apa makna saka tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi?
- (5). Apa fungsi saka Tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi?
- (6). Kepriye upaya ngenani pelestarian Tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi?

1.3 Ancas Panliten

Adhedhasar underan panliten ana ing ndhuwur iki, ancas panliten iki bakal dijlentrehake kaya ning ngisor iki

- (1). Mangerteni mula buhane Tradhisi Gumbregan Mahesa kang ana ing Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi
- (2). Mangerteni Tata laku adhicara Tradisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren kabupaten Ngawi
- (3). Mangerteni ubarampe kang ana ing adhicara Tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kabupaten Ngawi

(4). Mangerteni makna saka tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi

(5). Mangerteni fungsi saka Tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi

(6). Mangerteni upaya pelestarian Tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi

1.4 Paedah Panliten

Manfaat teoritis saka panliten iki yaiku kanggo nambah pengetahuan lan dadi bahan referensi kanggo disiplin ilmu sosiologi. Uga ana manfaat utawa paedah liyane saka panliten iki yaiku: (1). Pamaca Bisa mangerteni babagan jlentrehan mula buhane Tradhisi Gumbregan Mahesa (2). Pamaca bisa mangerteni kepriye carane masyarakat kanggo njaga tradisi Gumbregan Mahesa iki ing era modernisasi iki, (3). Bisa mangerteni apa teges lan paedah saka Tradhisi Gumbregan Mahesa kanggo masyarakat desa Banyubiru (4). Bisa mangerteni ngenani kepriye upaya kanggo nglestarikake Gumbregan Mahesa lan Tradhisi liyane kang ana ing tlatah Jawa.

1.5 Wewatesan Panliten

Ngenani watesane yaiku ngrembug bab ngenani mula buhane Tradhisi Gumbregan Mahesa, titi leksana adhicarane, apa wae ubarampene, makna filosofis saka tradhisi Gumbregan Mahesa, fungsi saka Tradhisi Gumbregan Mahesa, lan upaya pelestarian Tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru, Kecamatan Widodaren, Kabupaten Ngawi

1.6 Wewatesan Tembung

Wewatesan teyembungan iki nduweni ancas supaya bisa meruhi apa wae sing bakal dibahas ana ing panliten iki lan supaya ora kliru anggone negesi tetembungan

(1) Tradhisi

Tradhisi yaiku asil saka cipta uga karya sing kasumber saka manungsa kang awujud objek material, kepercayaan, khayalan, kedadean kang wis diwarisake saka generasi tumuju generasi sawise.

(2) Folklor

Tradhisi kang kolektif sawijining bangsa sing disebarake lumantar lisan utawa awujud tumindak banjur nuwuhake gegayutan saka generasi siji ing generasi sabanjure kang ana (Danandjaya,1984:2)

(3) Kabupaten Ngawi

Kabupaten Ngawi minangka sawijining bagian dhaerah kang ana ing propinsi Jawa Timur sing ana ing wilayah kulon sing watesane karo dhaerah Jawa Tengah. (Wikipedia)

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

(4) Gumbregan

Gumbregan yaiku tradhisine wong Jawa kanggo mengeti dina lair ana ing saben sasi. Biasane uga ditegesi weton jawa.. (Wikipedia)

TINTINGAN PANLITEN

2.1 Panliten Saemper

Panliten iki ngenani tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru kanthi nggunakake tintingan folklor iki dadi panliten kaping pisanan, mula saka iki panliten ngandharake bab-bab sing gayutane karo Tradhisi Gumbregan Mahesa. Ana ing saperangan panliten sadurunge rada saemper utawa padha karo panliten iki. Yaiku panlitene Dyah Ayu Purwandahi (2014) Kanthi irah-irahan “*Tradhisi Balang Sega ing Desa Tondomulyo, Kedungadem, Bojonegoro (Tintingan Wujud, Makna, Fungsi lan Owah-owahan Gingsire Tradhisi)*” skripsi iki ngrembug ngenani mula bukane tradhisi Balang Saga, fungsi tradhisi lan dampak ritual Balang Sega

Panliten sabanjure yaiku kanthi irah-irahan “*Tradhisi Manganan Ing Desa Janjang Kecamatan jiken Kbpupaten Blora (Tintingan Wujud, Makna, Fungsi lan Owah-owahan Gingsire Tradhisi)*” kang diteliti dening Ariviana Poncowati (2015). Skripsi iki ngrembug ngenani kaya apa Tradhisi Manganan iki,

Ing kene panliten bakal ngandharne babagan ngenani mula bukane Tradhisi Gumbregan Mahesa, titi lekana adhicarane, apa wae ubarampene, makna filosofis saka tradhisi Gumbregan Mahesa, fungsi saka Tradhisi Gumbregan Mahesa, lan upaya pelestarian Tradhisi Gumbregan Mahesa kang ana ing Desa Banyubiru. Banjur nganggo cara tintingan folklor kang mligikake kanggo para warga panyengkuyunge sing mligine warga ing Kabupaten Ngawi.teori lan konsep sing digunakake ana ing njerone yaiku ana ing gayutane karo punjering panliten yaiku konsep kabudayan, konsep folklor, lan isih akeh liyane.

2.2 Konsep Masyarakat lan Kabudayan Jawa

Masyarakat lumrahe yaiku manungsa minangka sawijining panggolongan kang gegayutane nduweni kepentingan kang padha. Lumantar masyarakat, bisa nuwuhake kabudayan sing ana ing dhaerahe siji lan sijine. Miturute Ahmadi (1997:97) ngenani masyarakat iku kumpulaning manungsa sing ana ing alam ndonya iki sing uwis nduweni tatanan urip, lan adat istiadat,uga norma-norma sing diugemi dening lingkungan panguripane. Ciri khasa wong jawa biasane yaiku nduweni sifat gotong royong lan sikap tulung tinulung. Banjur ana ing njerone masyarakat jawa iki ana budaya sing maneka warna wujud kang adi luhung. Ana ing sajroning andharane Taylor (Sulaeman,1998:10) ngenani kabudayan minangka

wujud anane pangrasa kang ana ing pangrasane para bangsa ngengingi seni, moral,kawruh lan hukum uga adat pakulinan kang tuwuh ana ing masyarakat. Banjur saliyane kuwi, (Koentjaraningrat 2003:3) ngandharake ngenani tutikane budaya kang enek enem yaiku 1). Budaya bisa disinaoni kayata nyinaoni paribasan, crita rakyat lan legendha, 2). Nduweni simbol utawa pralambang, 3). Bisa diwarisake kanthi turun-temurun, 4). Bisa owah lan ngrembaka, 5). Gampang anggane dimangerteni, 6). Nduweni teges kan wutuh lan padha gegayutane.

2.3 Konsep Tradhisi

Tradhisi yaiku sakabehe perangan kayata adat, kapiyatan, lan ajaran sing turun temurun wiwit mbiyen. Banjur Koentjaraningrat (1987:11) nduweni panemu ngenani bab patang tingkatane saka adat tradhisi iki, yaiku (1) tingkat sistem norma yaiku sing ngenani bab mulai nilai budaya sing gegayutan karo kadhapuke para warga kang ana ing bebrayan sing isa nyebabake pangowahan ing saben wektune,(2) tingkat nilai budaya yaiku sing gegayutane karo sing bisa ngasilake saperangan konsep ngenani apa sing dientukake ajilan biyasane gegayutane karo sipat emosional saperangan uwong utawa jiwane para manungsa sing ngenani sifat tulung tinulung kang ana ing sasambungan iki; (3) tingkat ukum iki ngenani bab hukum-hukum sing wis mlaku ana ing sesambungane bebreayan kayataukum waris lan adat palakrama, banjur (4) ngenani tingkat aturan khusus iku kang gegayutane karo aturan-aturan tumrap tumindak sing ana batese ana ing bebrayan lan nduweni sipat sing konkrit kayata aturan ngenani ukum solahbawa. .

2.4 Upacara Adat

Upacara yaiku aktivitas utawa kagiyatan sing ditata karo ukum lan adat sing ana ing masyarakat. Sing ana sambung rakete karo saperangan pariwisata sing ana ing pawongan iku dhewe (Koentjaraningrat, 1980:14) Lumantar upacara adat, masyarakat Jawa bisa njangkepi kabutuhan rohani lan kabutuhan spiritual. Kagiyatan sing nduweni ancas kanggo mengeti kadadayan tartamtu kang wigati, dene upacara sing wigati tumrap bebrayan Jawa tegese slametan. Banjur upacara yaiku wujud rekonstruksi saka prastawa ing panguripan kang sengaja ditindakake kanthi awujud apa wae sing dipocapake.

2.5 Konsep Folklor

Alan Dundes ana ing (Danandjaya, 2007:2) tegese Folk yaiku sakumpulane manungsa sing nduweni pratandha sosial, fisik lan budaya. Banjur yen lore yaiku saperangan kabudayan sing diwarisake kanthi turun-temurun mawa bentuk lisan utawa lewat perangan tuladha.

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

Banjur ngenani folklore miturut Brunvanda (sajrone Hutomo, 1991:8-9) kaperang dadi telung bagian, yaiku: 1) Folklor Lesan, yaiku sing wujud minangka lisan, 2) Folklor Setengah Lesan, yaiku awujud campurane saka unsur lesan uga unsur dudu lesan 3) Folklor Dudu Lesan, yaiku awujud perangan ora lesan masiya gawene kanthi cara lesan, wujud sing wujud yaiku material kaya sandhangan, panganan-panganan masyarakat utawa para warga, obat-obatan tradisional, banjur kesenian awujud kerajinan para rakyat lan basa isyarat.

2.6 Konsep Makna Lan Simbol

Makna yaiku angenani teges, surasa utawa ngenani katrangan. Ing kamus Basa Indonesia ana makna sing tegese yaiku babagan sawijine teges sing ngandhut samubarang kang ngandharake ancas tartamtu. Interaksine karo wong liya lumrahe ditegesi karo makna. Tuwuhe makna yaiku saka asile interaksi sing antarane manungsa karo manungsa liyan. Perangane tandha yaiku ana: 1) ikon/icon iki kaya pepadhan sing padha karo samubarang sing bisa ditandhai sing kayata gagasane lan gambarane, bab iku bisa njalari anane tandha, 2) indeks yaiku tandha sing dumadi sabab musababing lan apa sing diwalake, 3) simbol yaiku ngenani prantandha/bukti sing dientukake saka anane paugeran sing sing ana utawa konvensi, tuladhane kayata yen noleh iku tandhane ana sing nyeluk.

2.7 Konsep Piguna

Paedah lan piguna sing ana ing sajroning folklor iki ngandhut ancas sing bisa narik kawigaten para masyarakat saengga manut anggone nguri-uri tradhisi amrehe tetep lestari lan terus ngrembaka. Banjur pranata kabudayan iki ana wolu yaiku ngenani: (1) pranata sing gunane kanggo njangkepi kabutuhan panguripan awujud paseduluran, (2) pranata sing gunane kanggo njangkepi kabutuhane manungsa, (3) pranata sing gunane kanggo mujudake kaendahan, (4) pranata sing gunane kanggo njangkepi manungsa kanggo ngabekti marang Gusti lan utawa barang gaib, (5) pranata sing gunane kanggo ngatur lan ngolah keseimbangan antarane panguripan lan kekuasaan, (6) pranata sing gunane kanggo ketentreman urupe manungsa, (7) pranata sing gunane kanggo njangkepi kabutuhan manungsa, (8) pranata sing gunane kanggo panggulawenthah manungsa.

2.8 Konsep Upaya Pelestarian

Tegese nglestarike iki minangka wujud kagiyatan utawa sing dilakokake kanthi terus terusan, ana arahe dan terpadu supaya bisa mujudake ancas tartamtu kanggo meruhi anane saperangan bab sing tetep ana sing sipate abadi, dinamis luwes lan selektif, bab iku diandharake

dening A.W. Widjaja (1986) ana ing sajroning (Jacobus, 2006:115)

Upaya kanggo nglestarike budaya mligine Tradhisi Gumbregan Mahesa iki lumantar 1) upaya saka pemerintah, ing kene pemerintah kudu nduweni pangarsa sing gedhe, 2) upaya saka sekolah, ing kene lembaga sekolah uga nduweni peran bisa kanggo melu ngupaya anane pelestarian, amarga sekolah minangka piranti kang bisa nggayuh pengetahuan. lan 3) upaya saka masyarakat umum, masyarakat kang dadi pokok instrumen kanggo mbangun upaya sing gedhe iki (Prof.Dr. I Gede Pitana, Bali Post, 2003)

2.9 Lelandhesan Analisis

Ana ing lelandhesan analisis iki digunakake kanggo ngolah dhata sing ana hubungane karo TGM sing ngenani bab sing bakal dijlentrehake. Banjur sing ana ing kene nggunakake teori folklor, Fungsi lan resepsi saka masyarakat, amarga ana ing sajroning Tradhisi Gumbregan Mahesa iki mesthi wae ngandhat akeh makna sing ana ing sajroning tata laku, ubarampen lan isih akeh liyane. Panliten TGM iki kalbu dening folklor setengah lisan sing wis dipercaya dening bebrayan wiwit mbiyen nganti saiki. Utamane bab iki wigati kanggo para mudha lan generasi sabanjure.

METODHE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Wigati banget kanggone nemtokake pamilihan metodhe panliten ini ngene amarga metode iki mengko bakal dipertanggungjawabake. Banjur panliten sing nggunakake irah-irahan kaya mangkene "*Tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)*" ana ing kene iki migunakake metodhe panliten *deskriptif kualitatif* kanthi pamarekan Folklor. Moleong (2005:3) ngandharake yen metodhologi kualitatif yaiku minangka prosedhur panliten sing ngasilake dhata dheskriptif arupa tetembungan sing katulis utawa lisan uga tumindak sing diamati. Pendekatan iki luwih nengenake prakara latar lan individu kanthi holistik. Metode sing digawe karo panliten iki migunakake metodhe deskriptif kualitatif yaiku sing nggunakake metodhe nyathet kanthi njlimet uga tliti ngenani apa kang dirungokake, didelok banjur diwaca lumantar nggunakake metodhe wawancara utawa ora, dhokumentasi kanthi sing resmi utawa ora resmi, foto, video tape lan dhokumen. Panliten dheskriptif iki luwih ngutamakake anane kualitas dhata.

3.2 Objek lan Papan Panliten

Objek lan papan panggonan iki dipilih amarga sangerten panliti, pernagn iki durung nate ditliti. Banjur

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

bab iku bakal diandharake kanthi luwih cetha maneh ana ing ngisor iki:

3.2.1 Objek Panliten

Tegese objek yaiku ngenani variable utawa apa sing dadi punjere ana ing panliten panliten lumrahe ngenani topik permasalahan sing dikaji ana ing panliten iki. Objek sing bakale diteliti ing kene yaiku ngenani tradhisi Gumbregan Mahesa ing desa Banyubiru Kecamatan Widodaren kang ana ing Kabupaten Ngawi saka tintingan Folklor seteangah lisan.

3.2.2 Papan Panliten

Papan kanggo panliten iki yaiku papan wisata “Desa Kerbau” sing dianakake ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi. Panliten milih tradhisi Gumbregan Mahesa iki amarga tradhisi iki isih tetep dilentarikake masyarakat nganti tekan saiki uga dadi asete para warga ing Kabupaten Ngawi. Papan panggonan iki lumayan penak anggone jangkau.

3.3 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Ana ing sumber dhata lan dhata panliten ana ing kene wigati banget, pamaca bisa dadi pitaya marang tradhisi kasebut sing nyatane bener-bener anane. Bab iku bisa lumantar amarga anane sumber dhata uga dhata lan pamaca.

3.3.1 Sumber Dhata

Miturut Moleong (2005:157) sumber dhata sajroning panliten iki yaiku tetembungan lan tumindak. Banjur ana ing saluwihé iku ngenani dhokumen lan liyane. Sumber dhata iku bisa diolahake saka informan. Banjur informan jinise uga ana loro yaiku informan *primer* lan informan *sekunder*. (Endraswara, 2008:220)

Dene sumber dhata iku kaperang ana loro jinise yaiku 1). Sumber dhata *primer* yaiku sumber dhata sing mung dientukake saka sumber asli utawa sing pertama. Tuladhane kayata responden lan internet yen informasi kuwi wis sumebar lumantar internet. Dene 2). Sumber dhata sekunder yaiku dhata sing uwis cumawis utawa wis ana saengga kita mung garek nggoleki dan nglumpukake. Tuladhane yaiku dokumentasi lan situs web.

3.3.2 Dhata Panliten

Dhata kang ana ing panliten iki awujud dhata-alisan lan dhata non lisan. Banjur bakal diandharake kanthi cetha ana ing ngisor iki: 1) Dhata lisan yaiku ngenani dhata kang arupi tetembungan, wacana utawa ukara babagan carita Tradhisi Gumbregan Mahesa minangka apa wongan sing diwawancara utawa diamati minangka sumber dhata sing paling utama. Wujud dhata lisan antuk saka asil observasi, asil wawancara marang pawongan sing mangerteni ngenani Gumbregan Mahesa lan asil angket kang awujud

tembung kayata carita mula bukane TGM, tata laku kang ana ing TGM lan liya liyane. Dene 2) dhata non lisan yaiku dhata kang arupa dhata katulis sing majuwud gambar utawa poto utawa grafik.

3.4 Intrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku ngenani alat bantu sing digunakake ana ing metodhe njupuk dhata dening penlit kanggo nganalisis asil panliten sing dilakokake ana ing langkah panliten sabanjure. Banjur Arikunto (2010:134) ngandharake instrumen panliten iki ana perangan kategori yaiku : 1) instrumen sing sifate digawe kanggo nggolek informasi ngenani perangan dhata utawa kahanan ngenani subjek utawa proses sing arepe diteliti, 2) instrumen sing paedhahe digawe ngontrol saperangan bab sing arep diteliti, banjur 3) instrumen panliten sing digunakake dening panliti kayata panliti, alat bantu lan daftar pitakonan.

3.4.1 Panliti

Tegesé panliti yaiku salah sawijine pawongan sing nindakake panliten iki. Ana ing panliti kene iki kadhapuk dadi pawongan sing isa ngatur ing sajeroné panliti kang ditindakake, bab iku diandharake dening Moleong (2005:163).

3.4.2 Dhaptar Pitakonan

Perangan Dhaptar pitakon iki gunane kanggo golek informasi sing ditujukake dening para masyarakat kang ana ing Desa Banyubiru lumantar Tradhisi Gumbregan Mahesa iki. saka anane dhaptar pitakon iki panliti bisa ngolehake informasi sing akeh lumantar narasumber.

3.4.3 Pedoman Observasi

Pedoman observasi yaiku bab sing kudu digatekake lanikane nglakoni kagiyatan observasi. Pedoman observasi iki minangka cara kang paling efektif lumantar njangkepi nggunakake format kang dirantam sing isine bab-bab ngenani kedadeyan lan tingkah laku sing kedadeyan sing ana gegayutane karo Tradhisi Gumbregan Mahesa. Ana ing observasi iki nduweni rong teknik yaiku observasi langsung lan observasi terlibat.

3.4.4 Piranti panliten

Ing piranti panliten iki ngenani perangan sing kanggo nyengkuyung anane panliten iki. Banjur piranti-piranti sing dibutuhake nalika nglakoni panliten yaiku: 1) Alat-alat recording utawa alat-alat rekam, 2) Piranti nulis kayata buku lan pulpen sing gunane kanggo, 3) Nyiapake daptar pitakonan kanggo narasumber/informan, 4) Kamera digital, 5) Banjur panliti miwiti panliten kanthi nyiapake apa wae piranti-piranti sing bakal dibutuhake, lan nganalisis dhatane kanthi awujud skripsi.

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

3.5 Tata Cara Nglumpukake Dhata

Panliten kualitatif, yen nglumpukake dhata panliten iki minangka cara sing bisa digunakake dening panliti kanggo nglumpukake dhata-dhata kang ana, bab iku diandharake dening Arikunto (2010:100). Ana 3 tatacarane nglumpukake dhata yaiku tatacara nglumpukake dhata, Tata cara njlentrehake Dhata, Tata cara nyuguhake kasil njlentrehane dhata.

3.5.1 Teknik Observasi

Miturute Danandjaja (1984:197) observasi yaiku ngamati saperangan salah sawijine kadadean lan kahanan kanthi cara nggambarne ngenani perangan kasunyatan kaya apa sing lagi diingeti. Ngenani Observasi sing digunakake panliten yaiku ngenani observasi *terlibat*. Yen miturut Sudikan (1991:87) iki ngandharake yen ing teknik pengamatan iki kaperang dadi loro yaiku pengamatan kanthi cara langsung lan pengamatan biyasa. Pengamatan kanthi langsung yaiku panliti langsung mara ana ing lapangan lan nekani papan panggonan sing digawe Banjur yen teknik pengamatan biyasa yaiku panliten sing dilakokake ora langsung ateges yaiku mung ngrungokake rekaman sing dilakokake dening panliti..

3.5.2 Teknik wawancara

Miturut andharane (Sudikan, 2001:90) teknik wawancara dilaksanakake kanthi nduweni ancas kanggo ndadekake siji antarane dhata utawa katrangan Teknik wawancara biasane kaperang dadi loro yaiku wawancara *berstruktur (berencana)* uga wawancara ora *berstruktur*. Banjur yen didelok saka wujud pitakokane, wawancara kaperang dadi loro yaiku wawancara *tertutup* lan wawancara *terbuka*. Ana ing panliten ngenani Tradhisi Gumbregan Mahesa iki nggawe teknik wawancara *terbuka*. Ana ing panliten ngenani teknik wawancara, panliti kudu nduwe konsep wawancara.

3.5.3 Teknik Dokumentasi

Teknik dokumentasi iki digunakake kanggo njangkepi dhata kang ana supaya kwatitas panliten bisa dipercaya. Ngenani andharane (Arikunto, 2006:231) yaiku kagiyatan kanggo nggoleki dhata ngenani variable, sing arupa cathetan, transkrip, buku, prasasti, lan cathetan asiling rapat. Banjur ngenani jenis dokumentasi, panliti milih dokumentasi kanthi cara primer lan dokumentasi kanthi cara sekunder.

3.6 Tata cara Nganalisis dhata

Tatacara kanggo nganalisis dhata ing kene nggunakakae cara nganalisis dhata panliten kualitatif, yaiku: 1) *open coding* yaiku ngenani sakabehane dhata-

dhata saka Tradhisi Gumbregan Mahesa saakeh-akehe uga ana sambung raket karo topik wawancara lan observasi. 2) *axial coding* yaiku panliti banjur merang dhata-dhata miturut kategorine, banjur 3) *display coding* yaiku panliti nggunakake dhata supaya gampang anggone mangerteni.

3.7 Keabsahan Dhata

Miturute Sudikan (2001:169) ngenani keabsahan dhata iki bisa dibuktekake kanthi cara sing kaping siji yaiku nindakake proses triangulasi. Ana ing njero iku mau proses triangulasi bisa dilakokakae lumantar patang tahapan yaiku triangulasi sumber dhata, nglumpukakae dhata, banjur triangulasi ngenani metode nglumpukake dhata lan ngenani triangulasi kanggo nggoleki teori sing cocog. Sing kaping loro yaiku lumantar nindakake peer debriefing yaiku ngenani perangan kanggo ngecek utawa mriksa asile panliten sing bener. Banjur sing kaping telu yaiku ana audit trial yaiku sing digawe kanggo ngecek babagan dhata sing isih mentah kayata photo, rekaman lan dhokumen sing digoleki

ANDHARAN LAN ASILE PANLITEN

4.1 Gegambaran Desa Banyubiru

Ana ing kene bakal dijlentrehake yaiku ngenani ana gegambaran Desa Banyubiru kang diperang saka kahanan alam desa ing Desa Banyubiru, struktur pamarintahane, pendhudhuk desa, pendhidhikane, pangupajiwane masyarakat, agama lan sistem religi, basa kang digunakake, banjur kahanan desa. Sakabehe kahanan kang ana ing desa Banyubiru bakal diandharake ana ing ngisor iki.

(1) Kahanan Desa Banyubiru

Desa Banyubiru iki manggon ana ing Kecamatan Widodaren, winatesan langsung karo desa Sambirejo ing sisih elor, desa Kedunggudel ana ing sisih etan, desa Jagir ana ing sisih kidul lan desa Pakah ana ing sisih kulon. Banjur Balai Desa Banyubiru ana ing Jl. Tretes, Dhusun Sukorejo, Desa Banyubiru. Jarak tempuhe mara ing Propinsi watara 221 Km, yen jarak saka Desa Banyubiru mara ing kabupaten yaiku watara 23,7 Km, banjur yen saka kecamatan watara 8 Km. Desa Banyubiru iki nduweni wilayah jembare watara 1.330,76ha kang kaperang saka pemukiman, kebon, tetanen, fasilitas umum lan isih akeh liyane.

(2) Struktur Pamarintah

Struktur pamarintah iki minangka tatanan kang utuh sing kasusun saka perangan komponen pamarintah sing kerjane ana sambung raket lan gumuntungan uga nduweni pengaruh kanggo mujudake ancas lan fungsi pamarintah. Bab iku kaya dene ing desa Banyubiru Kecamatan

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

Widodaren Kabupaten Ngawi. Banjur ana ing saben pamarintah desa iku mesthi ana strukture sing dumadi saka pirang-pirang organisasi sing wis nduweni jejibahan utawa tugase dhewe-dhewe kanggo nglayani para masyarakat kang golek perlu.

(3) Kahanan Pendhudhuk Desa

Yen ora ana pendhudhuk desa sing manggon ing sawijining desa, mula desa kuwi ora bisa mlaku lan urip. Saka ana ne pendhudhuk iku mau bisa nggawe kahanan desa bisa maju utawa ora. Bab iku uga bisa didelok lumantar anane pendhudhuk desa kang akeh, aktif lan produktif. Pendhudhuk bisa digadhang gadhang nggae perubahan sing siktifikan.

(4) Sistem Pendhidhikan

Kabeh manungsa sing urip ana ing ndonya iki mesthi wae mbutuhake pendhidhikan kanggo ngatur pola pikir sing trep. Lumantar pendhidhikan, manungsa bisa nemtokake dalan panentu uripe ana ing tembene. Ora beda karo apa sing ana ing Desa Banyubiru iki. pendhidhikan bisa kaperang dadi loro yaiku pendhidhikan formal lan pendhidhikan non formal. Pendhidhikan kang ana ing Desa Banyubiru iki kagolong maju tinimbang jaman mbiyen sing kurang nduweni semangat kanggo nggayuh ilmu.

(5) Pangupajiwane Masyarakat

Ora beda karo para masyarakat kang ana ing Desa Banyubiru iki. Paling akeh dadi sektor pertanian. Saperangan saka wilayah Desa Banyubiru iki kanggo sawah lan kanggo tanduran jagung. Saliyane iku saben tegalan uga ditanduri pala pendhem lan palawija. Dadi bisa didudut yen akeh-akehe para masyarakat dadi tani, ananging uga ana sing dadi guru, pegawai negeri, karyawan swasta lan peternak amarga akeh banget kewan-kebo kang ana ing Desa Banyubiru

(6) Agama lan Sistem Religi

Ana ing Desa Banyubiru iki, kabeh para masyarakat nganut agama Islam sing cacahé 7.899 jiwa padha nganut siji agama. Ananging ing kana anutane ana sing beda-beda. Kanggo nglancaraké anggoné ngibadhah, ing Desa Banyubiru iki mbangun papan kayata Mushola lan Masjid. Meh ana ing saben dhusun nduweni mushola lan langgar sing luwih saka siji. Saka kabeh masyarakat sing nganut agama Islam iku mau, iya isih ana sing percaya marang mitos lan ghoib uga kapitayan liyane

(7) Basa Kang Digunakake

Ing Desa Banyubiran iki, kabeh pawongane nggunakake basa Jawa sing logate meh kaya Jawa Tengah amarga didelok saka wilayah dhaerahe sing mepet karo

perbatasan Jawa Timur lan Jawa Tengahan. Basa sing digunakake ora kasar ning alus.

4.2 Mula bukane Tradhisi Gumbregan Mahesa

Mula bukane Tradhisi Gumbregan Mahesa iki ana gegayutane karo Mula bukane Desa Banyubiru. Mbah Kertiodjoyo iki sing miwiti lan nyiptakake desa iki. Mbiyene mbah Kertiodjoyo minangka salah siji prajurite Sultan Agung sing jaman semana nguasai Kerajaan Mataram. Mbiyene gara-gara Sultan Agung iki ditundhung ngalih metu saka Mataram karo pasukan Belanda amarga pengen nguasai Kerajaan. Banjur amarga ana peperangan iki lan ditudhung metu saka Desa Banyubiru iki salah sijine saka prajurite sing asmane Kerjiodjoyo iku mau pisah karo gromolane lan nduweni niat kanggo nggoleki Sultan Agung sing nganti wektu kang suwe. Banjur lumuke wektu, dheweke tekan tengahe alas-alas lan mlaku terus mara wetan kanggo leren. Sanalikane leren iku mau dheweke nemokake sendhang utawa danau cilik sing banyune bening banget. saking beninge banyu kuwi rupane biru. Rumangsa seneng banjur dheweke ngombe banyu iku. Dirasa kesel awake, banjur dheweke ngedekake gubug kanggo nunggu kahanane. banjur saka lumakune wektu kang suwe, panggonan iku mau dadi rame lan akeh sing mbangun gubug utawa omah kanggo urip. Saka akehe pawongan kang ngedekake omah ana ing sakitare kana iku mau banjur Kertoidjoyo njenengake panggonan iku mau dadi Desa Banyubiru amarga ing kana ana sendhang kang bening banget lan rupane nganti biru. Awit kuwi mau, Desa banyubiru dadi panggonana kang asri banget.

Sithik mbaka sithik kabeh padha wiwit nguripake swasana Desa Banyubiru iki. kabeh padha miwiti nandur tanduran uga wis akeh sing nduweni ingon-ingon kewan kayata kebo, sapi, wedhus lan pitik. Ananging ing kana paling akeh sing diingu yaiku kewan kebo. Para masyarakat padha nduwe sawah lan nggarap sawahe nggunakake kewan kebo amarga ing jaman semana durung ana sarana sing canggih. Para warga Desa Banyubiru padha seneng ngingu kebo amarga kebo iku mau bisa mbiyantu para warga sing nduweni sawah. Sawah minangka sarana kanggo nggawa rejeki kanggone para masyarakat. Mula saka kuwi TGM iki nganti ana amarga isih ana gegayutane.

4.3 Tata Laku TGM

Tata laku sajroning TGM iki ana wiwitan, inti adhicara lan pungkasan saka adhicara utawa ana titi siaga, titi leksana lan ana titi purna. Adhicara wiwitan ana musyawarah nganti nyiapake ubarampen kanggo adhicara. Dene adhicara intine ana slametan kang ana ing omahe dhewe-dhewe sing nduwe kewan kebo. Banjur sing pungkasan yaiku nglumpukake kebo-kebo sing ana ing

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

Desa Banyubiru. Supaya luwih cetha maneh ngenani kepriye wae tata laku kang ana ing Tradhisi Gumbregan Mahesa ing Desa Banyubiru iki, bakal diterangake ana ing ngisor iki kanthi cetha maneh.

(1) Titi Siyaga Adhicara Gumbregan Mahesa

Ana ing titi siyaga adhicara Tradhisi Gumbregan Mahesa kang ana ing Desa Banyu biru iki yaiku kaping pisan ana wawanrembug utawa rapat, resik-resik desa, banjur nyiapake ubarampen kanthi bebarengan. Supaya bisa luwih cetha maneh bakale dijlentrehne kanthi runtut ana ing ngisor iki

4.3.1.1 Wawanrembug TGM

Adhicara wiwitane ing Tradhisi Gumbregan Mahesa iki kanthi nindakake musyawarah karo para perangkat, sesepuh lan saperangan para warga sing ancane ngrencanakake nata adhicara kasebut supaya bisa lunaku kanthi tumata saka wiwitan nganti pungkasan.

- (1) “Rembugan utawa rapat iki dilaksanakake ana ing daleme kasun utawa ana ing kantor Desa Banyubiru, sing jelas pokoke gumantung kahanan. Banjur ana ing rapat iki pisan dibentuk ngenani struktur organisasine supaya wong sing ditunjuk iku mau ora glagapan.” (Pak Warsito, 03 Pebruari 2020)

Saka cuplikan andharan wawancara ing ndhuwur iku mau, ngandharake yen para warga Desa Banyubiru iki padha nganakake rembugan utawa musyawarah dhisik kanggo nemtokake kepriye wae adhicara Gumbregan Mahesa iki kalaksanan. Biasane ana ing adhicara kasebut, dianakake limang dina utawa seminggu sadurunge adhicara H supaya ana persiapan kang mateng lan tumata. Banjur ana ing musyawarah iku mau uga mbentuk kepanitiaan kayata sapa sing kajibahan dadi ketua panitia, sekretaris, bendahara, humas uga liya liyane. Supaya acara mlaku kanthi lancar, saben kagiyatan utawa acara perlu nduweni kepanitiaan.

4.1.1.2 Kerja Bakti

Sawise musyawarah ditetapake lan disetujoni dianakake reresik lan nyiapake panggonan kanggo nganakake Gumbregan Mahesa kasebut. Biasane kabeh para warga kang ana ing Desa Banyubiru padha nyawiji kanggo mbiyantu. Tuwa mudha padha nyawiji kanggo ngrampungane kagiyatan. Bab iku kaya kang diandharake ana ing asil wawancara kang ana ing ngisor iki:

- (3) “Banjur biasane kabeh warga kang ana ing kene padha gotong royong kanggo ngresiki desa iki lan kanggo nyiapake panggonan Gumbregane. Nanging ngenani panggonane sing digawe nglumpuke kebo-kebo mbesuk ora mesthi.

Manut saka asile wawanrembug sing wis disepakati.” (Mbah Abdul Mukti, 03 Pebruari 2020)

Saka cuplikan kang ana ing ndhuwur iku mau, ngandharake yen sawise ngadakake rapat musyawarah karo kabeh pihak sing teka lan padha disetujoni, banjur sedina sadurunge hari H Tradhisi Gumbregan Mahesa kalaksanan, dilaksanakake reresik Desa Banyubiru lan nyiapake panggonan kanggo TGM. Biasane panggonan kanggo ngleksanakake TGM iki ora tentu. Kadhangkala ana ing lapangan sing ana ing Desa Banyubiru banjur kadhangkala ana ing lataran alas jati sing cedhak karo kali sing biasane kanggo aduse para kebo iku mau.

4.1.1.3 Masak Ubarampen kanggo

Biasane ana ing dina Jumat Paing sing digawe gumbrekan iki, para warga sing nduweni kebo padha budhal ana ing pasar kanggo blanja keperluan kanggo masak panganane. Sawise blanja banjur para warga Desa Banyubiru masak kanthi bebarengan saka omahe dhewe-dhewe, ananing uga ana sing masak kanthi dadi siji karo tangga liyane. Bab iku padha kaya sing diandharake saka asile wawancara ing ngisor iki:

- (1) “....Sedaya warga ingkang estri sami ngewangi masak nggene kula, amargi kula ingkang dipundawuhi ngurus sedaya tumpeng ingkang baadhe dipundamel wonten ing slametan ing bebarengan niku. lajeng dipun bagi anggenipun masak.” (Surati, 31 Maret 2020)

Saka cuplikan wawancara kang ana ing ndhuwur iku mau, ngandharake yen salah siji warga kadhapuk dadi sing ngurus tumpeng sing cacah ana satus iku mau. Kagiyatan masak bebarengan iki uga kanggo ngraketake paseduluran kang kaciptan antarane para warga Desa Banyubiru karo liyane. Biasane kagiyatan masak masak iki dianakake ing wayah wiwit tabuh isuk nganti sarampunge.

4.3.2 Titi Leksana Sajroning TGM

Ing sawijining Tradhisi kang ana ing sakiwa tengene kita iki mesthi wae ana adhicara intine utawa mlebu ana ing titi leksana. Titi leksana kang ana ing tradhisi Gumbregan iki yaiku menehi panganan rakan kanggo kebo kang ana ing kandhang, nyenthelake kupat lepet ing kandhang, ngadhakake bancakan utawa slametan dhewe kanthi cilik-cilikan, nglumpukake kebo sak desa dadi siji. Supaya luwih cetha maneh, bakal diandharake lan dijlentrehne kanthi cetha ana ing ngisor iki.

4.3.2.1 Kebo Diwenehi Panganan Rakan

Adhicara Gumbregan Mahesa kang ana ing desa Banyubiru sing kapisan yaiku kebo diwenehi panganan asil saka masak iku mau. Para kebo sing rong dina ora oleh

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

kerja lan dimanja iku mau, banjur diwenahi panganan. Bab iku kalebu ing runtutane adhicara. Jlentrehane iki padha kaya apa kang diandharake saka asile wawancara ing ngisor iki:

- (2) “.....panganan sing diwehne ing kebo kang ana ing kandhang yaiku panganan rakan. Ing kana ana ubi-ubian utawa uwi gembili, ketan, kupat lepet, pulo(saka beras lan ketan). Kadhangkala ana sing diwenahi sega tumpeng utawa sega berkat barang. Carane menehne ning kebone kanthi cara di dilatne ning lambe lan ilate kebone dhewe dhewe.” (Surati, 30 Maret 2020)

Saka cuplikan kang ana ing nduwur iku mau ngandharake yen tata laku sing ngancik ana ing dina kalampahane adhicara Gumbregan Mahesa iki yaiku menehi pangana rakan ana ing kewan kebo kang ana ing kandhang. Ana ing Tradhisi Gumbregan utawa tironan kebo iki wis lumrah yen ana perangan sing jenenge rakan.

4.3.2.2 Nyenthelake Kupat Lepet ing Kandhang

Sabanjure yaiku nyenthelake kupat lepet ing kandhang kebone. Para warga sing nduweni kebo iku mau banjur ndelehne kupat lepet ana ing kandhang. Bab iku kaya apa sing diandharake ana ing asile wawancara ing ngisor iki:

- (3) “Sarampunge dicicipne ana ing kebo banjur panganan iku mau digantungne ana ing kandhang kebone dhewe-dhewe. Olehe nyelehne uga sembarang wae. Biasane kupat lepet iku mau dicenthelne suwene rong dina.” (Surati, 30 Maret 2020)

Cuplikan andharan asil wawancara kang ana ing nduwur iku mau ngandharake yen sawise panganan rekan iku mau diwenehne kanthi cara dilat-dilatne ing kebone, banjur pawongan sing nduwe kebo iku mau nyenthelake kupat lepet ana ing kandhange kebo, bisa ana ing lawange kandhang utawa cagakane kandhang.

4.3.2.3 Slametan ing Omahe Dhewe-Dhewe

Biasane slametan iki dienkake sawise menehne panganan ing kebo-kebone. Slametan iki ora slametan kang gedhe. Mung tangga teparo sing diundhang. Bab iku padha kaya sing diandharake ana ing asile wawancara ing ngisor iki:

- (4) “.....ngenani slametan Gumbregan iki mung cilik-cilikan. Biasane uga ana sing ora ngundhang para tanggane ananging dislameti lan didongani dhewe banjur berkate slametan diweneh-wenehne tangga cedhake omah.” (Surati 30 Maret 2020)

Saka cuplikan kang ana ing nduwur iku ngandharake yen slametan utawa bancakan kang

diadakake sing ana ing omah iku mung sedherhana banget. mung ngundhang para tangga teparone banjur ana ing ngujubne, biasane modin utawa sesepuh desa.

4.3.2.4 Nglumpukake Kebo-Kebo

Kebo-kebo kang ana ing Desa Banyubiru sing cacah akeh banget iku digiring lan diklumpukake dadi sijii ing sawijining panggonan sing wis disiyapake. Kabeh kebo sing ana iku di wenehne kandhang sing uwis disiyapake. Supaya luwih cetha maneh, bakal diandharake lumantar asile wawancara kang ana ing ngisor iki:

- (1) “.....nglumpukake kabeh kebo sing digiring tumuju ing panggon sing wis disiyapake. Panggon iku mau ora tentu saben taune, pokoke panggon kuwi cedhak karo kali amarga sabanjure iku digawe kanggo prosesi ngedusi kebo-kebo.” (Bandi, 03 Pebruari 2020)

Ana ing cuplikan kang ana ing nduwur iku mau, ngandharake yen pas tata laku kebo diklumpukake ana ing sawijining panggonan. Ngenani panggonana iku mau ora tentu. Kadhang ana ing lapangan Desa Banyubiru. Banjur kadhangkala uga ana ing panggonan alas sing wis diresiki lan disedhiani.

Banjur ana ing perangan iki uga ana maneh kagiyatane kaya ing ngisor iki:

(1) Arak-arakan Satus Tumpeng

Tumpeng sing cacah satus iku mau diarak karo para warga sing ana ing desa Banyubiru kayata para pamong, para tani, para muda mudi lan liya-liyane. ditambah maneh nggunakake klambi kebaya lan beskap utawa klambi sing temane Jawa. Tumpeng iku mau diwadahi tampah banjur dideleh ana ing nduwur siraha para anggota arak-arakan. Kawiwatan saka Kampung Kebo arak-arakan iki nganti panggonan sing uwis disedhiakake sing penting cedhak karo panggonan pemandian kebo.

(2) Dedonga

Dedong. Ing kene lumantar dipimpin dening modin, para warga dedonga marang Gusti ngenani bentuk pangucap sukur anggone maringi kanugrahan kanggo panen sing malihpah uga panuwun kanggo para kebo sing isih diparingi kasehatan. dedonga iki uga ngandharake sithik ceramah utawa khotbah kanggo sing nonton. Sejatine oea ana rutual khusus utawa dedonga kang dhadekake ciri khas. Mung dedonga biasa banjur dedonga pandonga kang ana ing kitab suci.

(3) Kroyokan Tumpeng

Ing tradhisi Gumbregan Mahesa iki uga ana sing jenenge Tumpeng. Tumpeng sing maune diarak-arak lan didongani iku mau banjur digawe kroyokan karo para

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

warga Desa Banyubiru lan kabeh sing ana ing kana. Kabeh padha bungah amarga bab iku narik kawigaten banget. para pamong kang ana uga kadhangkala melu njupuki.

4.3.3 Titi Purna TGM

Titi purna yaiku ngenani perangan tatalaku sing ana ing pungkasan. Biasane titi purna iki ana ing mburi dhewe sing digawe kanggo panutup ana ing sawijining adhicara tradhisi kab udayan kang ana. Ana ing adhicara Gumbregan Mahesa iki ana titi purna kang ana yaiku ngenani kebo sing diguyang ana ing panggon aduse kebo banjur kebo dilebokake ana ing kandhang sing ora adoh saka panggon ngguyangi.

4.3.3.1 Kebo Diguyang Ing Kedhung

Para kewan kebo sing cacahé ana pitungatus iku mau banjur digiring mara ing kali kanggo adus utawa biasane ditegese diguyang. Siji mbaka siji kebo-kebo mau nyempung ana ing mbumbangan. Mbumbangan iku mau wis ana wiwit mbiyen sing mesthi digawe ngguyang kebo-kebo sing enek ning Desa Banyubiru iki. ing kene sing paling sakral yaiku para kebo iku mau diweheni minyak mbondo sing dadi ciri khase ana ing Desa banyubiru nalikane ngguyang para kebo sing ana ing desa kuwi. Banjur biasane minyak blondo iku mau diwenehake dening pak Bupati kanggo kebo-kebo sing ana. Ana ing bagean menchi minyak mblondo iku mau uga ana dedongane. Yaiku maca bismillah lan wacan dedonga sing intine yaiku supaya kebo-kebo iki tetep sehat nganti selawase.

4.3.3.2 Kebo Digiring Mbalik Kandhang

Sarampunge kabeh tatalaku tradhisi ing adhicara Gumbregan Mahesa iki kalampahan kanthi lancar, sawise kebo-kebo iku mau diguyang, banjur kebo-kebo iki mau digiring mulih mara ing kandhang-kandhange dhewe-dhewe. Bab iki dadi bab sing pungkasan ana ing adhicara Gumbregan Mahesa iki. kabeh padha digiring kanthi bebarengan ana ing kandhange dhewe-dhewe.

4.4 Ubarampen ing TGM

Tradhisi kang ana ing sakiwatengeni kita iki nduweni perangan bab. Kayata ubampen lan piranti kanggo sajroning tata lakune ing tradhisi utawa kabudayan liyane sing wis ngrembaka kang ing sakiwa tengene kita. Ubarampen kang dimaksud yaiku ngenani kayata apa wae panganan, lelawuhan, jajalan lan piranti-piranti liyane sing ana ing tradhisi iku mau.

4.4.1 Ubarampen Ing Slametan

Ana ing sawijining perangan kang ana ing adhicara slametan sing ana, mesthi wae nggunakake ubarampen kang trep lan kadhang kala ora nate dioawahi lan ora nate

titinggalake. Ana ing adhicara slametan ngono kae mesthi wae nggunakake ubarampen sing nduweni perangan sing akeh lan maneka warna jinis lan bentukane. Ana ing adhicara Gumbregan Mahesa iku mau, ubarampen menika kudu ana lan kudu ditrepake. Akeh banget lan maeka warna jinise kayata palawija, pala pendhem gedhang setangkep, sega golong, ingkung utawa panggang, kupat lepet, jadah mbili uwi, kulupan, jenang sumsum, dhawet, jagung, kacang, srpah, bothok, karuk gimbal, srondeng, bubur uga ana buah-buahan kanggo sesajen panambah supaya luwih jangkep lan pepeks maneh.

4.4.2 Ubarampen ing Kedhung

Ubarampen kang ana ing kedhung nalikae para kebo kebo iku diadhusi yaiku ana loro. Yaiku blondho lan minyak klapa asli. Ana ing kene iku ubarampene sakral banget. kabeh mangereteni yen ubarampen iku mau ora bakal diilangake amarga wis ana kanthi turun temurun. Nalikane ngedusi kebo-kebo kang akeh iku, para masyarakat Desa Banyubiru iki didusi nggunakake blondho. Blondho iki asale saka klapa sing diparut banjur masak suwi nalikane wis dipisah karo minyake. Blondho dadi sarat kang utama ana ing kene. Uga ngenani minyak klapa asli sing digawe ngguyang kebo sing ana ing desa Banyubiru

4.5 Makna Saka Tradhisi Gumbregan Mahesa

Makna sing kinandhut ana ing njeroné tata laku lan ubarampen Gumbregan Mahesa iki bisa uga ana sambung rakete karo apa sing dadi pamikirané manungsa lan filsafat jawa. Bab makna ing tatalaku lan ubarampen iki wis ana wiwit mbiyen nganti saiki kuwi ora mung sepele. Perangan iki bakal diandharake ana ing ngisor iki:

4.5.1 Makna Tata Laku Tradhisi Gumbregan Mahesa

Makna saben tata laku kang ana ing tradhisi Gumbregan Mahesa iki akeh banget. wiwit makna wiwitan adhicara nganti pungkasaning adhicara. Bab iku bakal diandharake siji mbaka siji kabeh tatalaku kang ana ing tradhisi Gumbregan Mahesa iki.

4.5.1.1 Musyawarah Tradhisi Gumbregan Mahesa

Pisanan yaiku ana musyawarah ing adhicara Gumbregan mahesa adhicara wiwitan sing ana ing ngarep dhewe mianngka bab kanggo ngrembug supaya peranganadhicara bisa karantam kanthi apik. Saka Gumbregan Mahesa iki ana musyawarah sing diikuti karo anggota warga kang ana. Musyawarah kang ana ing tradhisi iki nduweni makna supaya bisa kanggo ngatur kabeh perangan sing bisa tunanta kanthi apik lan kabeh pawongan kang ana ing adhicara iki bisa ngerteni kabeh lan ora ana sing bisa ngrysak adhicara. Makna liyane yaiku kanggo ngraketake paseduluran lan bisa kanggo mbangun

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

solidaritas lan toleransi yen ana ing satengahe adhiacar ana sing beda panemu antara siji lan sijine

4.5.1.2 Kebo Diwenahi Pangana Rakan

Ana ing kene pawongan sing menehake panganan rakan ing kebone iku ya sing nduwe. Kebo diwenahi rakan kang dasusun saka kupat lewet gembili lan sega golong iki minangka wujud panuwune sing nduwe dhumateng kebo. Kebo diwenahi panganan rakan iki ateges nalika kebo nggarap sawah lan mbiyantu pamilike iku, banjur kebo bisa ngrasakake apa sing dadi rekasane ngewangi. Para tani iki mujudake rasa sukure lumantar menehi sesajen asile tetanduran dening kebone. Banjur saka kana uga bisa didelok yen kebo iki uga bisa cedhak karo manungsa.

4.5.1.3 Nyenthelake Kupat Lepet ing Kandhang

Ing Tradhisi Gumbregan Mahesa iki ana perangan sing jenenge nyenthelake kupat ana ing lawang utawa cagakake omahee kebo. Para tani sing nduweni kebo iki nyenthelake kupat lepet ana ing kandhange utamane ana ing lawang utawa ing cagakake omah-omahane iki supaya lancar anggone nggolek rejeki lan supaya kebo iki bisa sehat terus nganti salawase mbiyantu para tani kang ana ing Desa Banyubiru.

4.5.1.4 Slametan Ing Omahe Dhewe-dhewe

Slametan kang ana ing omahe dhewe-dhewe iki minangka makna ngenani wujud sukur dhumateng Gusti sing wis paring kesehatan lan keslametan ana ing kebo-kebone. Saka perangan iku mau banjur ndadekake ana supaya kita bisa tetep ngabekti marang Gusti masya wis diparingi kamikmatan. Saka slametan iku mau banjur ora ana iri dengki kang kadaden

4.5.1.5 Nglumpukake Kebo

Saka tradhisi Gumbregan iki maknane ngenani kebo sing diklumpukake iki yaiku minangka wujud saka supaya kebo siji lan sijine padha rukun lan bisa ngumpulake rasa kekelurgaan mbak. Ora mung manungsa wae. Kita ing kene iki uga ndhuweni rasa tresna marang kebo-kebo iki. Saking akehe kebo kang ana ing Desa Banyubiru iki minangka dadi aset kang nduweni nilai kang dhuwur.

4.5.1.6 Arak-arakan Tumpeng

Arak-arakan tumpeng iki maknane yaiku supaya urip kanthi terakhir ba iku amarga ana ing arak-arakane baris lan ora ana balapan sing mlaku cepet. Kabeh iki wis ketok ana ing arak-arakan iku mau. Banjur kita uga kudu sareh anggone nglampahi pacoban kang ana ing ngarep kanthi alon alon

4.5.1.7 Dedonga

Ana ing perangn iki maknane dedonga iki minangka pangucap syukur dhumateng Gusti wis maringi kanikmatan. Dedonga kanthi bebarengan sak desa iki minangka makna ngenani guyup rukun kang diciptakake ana ing masyarakat. Banjur saka dedonga iki ndhuwe makna mligine kanggo Gunmbregan Mahesa iki yaiku pangucap syukur dhumateng Gusti sing Maha kuasa sing wis parinnng kalimpahan ana ing kabeh petani kang ana ing desa Banyubiru iki.

4.5.1.8 Kroyokan Tumpeng

Tata laku kang ana ing Gumbregan Mahesa iki uga ana sing ngandharake ngenani kroyokan tumpeng. Ana ing kene sing ditegese kroyokan ora kaya sing rebutan ngangti ora nyiptakake swasana kang kondusif. Ana ing kene tegese kroyokan tumpeng iki ngenani rejeki kang diparingake saka Gusti. Ana ing kene iki maknane yaiku yen kita minangka manungsa yen wis diparingi kalimpahan rejeki, kudu bisa nggayuh kanthi tekad kang kuat. Bab iku kaya yen njupuk tumpeng ananging akeh sing njupuk lan ora bisa leluasa.

4.5.1.9 Kebo Diguyang ing Kedhung

Tegese kebo sing diyugang iku minangka makna supaya ora kahindar saka lelara banjur kanggo ngresiki badhane amarga bar dolanan karo kebo-kebo liyane singa an ing kandhang iku mau. Uga ana panemu liya gen diguyang iki supaya kebo-kebo kang ana ing panggon iku mau tansah sehat amarga wis diadusi banyu klapa asli lan blomdho iku mau

4.5.1.10 Kebo Digiring Mbalik Kandhang

Ana ing pungkasan para kebo kebo iku mua banjur digiring karo sing ndhuwe tukuju ing kandhang. Ora mung manungsa wae, kewan uga nduwe panggonan kanggo urip. Banjur ngenani makna kang kinandhut ana ing njerone bab iki yaiku ngenani yen kita wis tekan ngendi wae, kudu eling mulih ana ing omah ora malah nglalekake omah sing wis ana wiwit kita cilik nganti tuwa.

4.5.2 Makna Ubarampe Tradhisi Gumbregan Mahesa

Ana ing Tradhisi Gumbrekna Mahesa iki uga ana makna saka ubarampen kang ana gegayutane karo ing njerone adhicara iki bab iki ana tumpeng, kulupan, pitik utawa ingkung, jadhah utawa tetel, kupat lepet, gedhnag setanggep, bubur, endhog, sega golong, jennag, kacang, sronheng, dhawet, bothok, karuk gimbal lan jagung. Banjur bakal diandharake ing ngisor iki:

(1) Tumpeng

Tumpeng minangka syarat kanggo ana ing adhicara slametan. Lumrahe adhicara iki nggunakake tumpeng

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

minangka pralambange wong Jawa. Wong Jawa mangerteni yen tumpeng iki tegese tumapaking panguripan kang nindakake kanthi lempeng tumuju ing pangeran. Bab iku kaya sing diandharake ing ngisor iki:

- (4) “Tumpeng iki dadi pralambang panguripane manungsa mbak. Tegese utawa maknane tumpeng yaiku tumapaking panguripan kang nindakake kanthi lempeng tumuju ing pangeran. Tumpeng iki minangka pralambang urip. Saka perangan iku manungsa kajibuk manungsa siji lan sijine bakal dadi sawungan” (Suyadi 30 Januari 2020)

Saka andharan kang ana ing ndhuwur iki minangka perangan sing bisa kanggo kaca pangilon masyarakat. Tegese yaiku manungsa kudu bisa mbedakake tumindak kang becik lan tumindhak kang ora becik.

(2) Kuluban

Ana ing Desa Banyubiru iki, pawongane mesthi wae ngolah apa kang ana ing sakiwa tengene dadi olahan sing enak. Ora liya kaya kuluban iki. Ana ing kene iki kuluban pralambang wit-witan kang sing ana ing desa Banyubiru iki. Bab iku kaya apa sing dijlentrehake ana ing ngisor iki:

- (5) “Dadi ngene mbak, Kuluban iki kanggone wong kene yaiku tegese wit-witan kang ana ing Desa Banyubiru. Kuluban iki kaya pralambang kesuburane wong ing desa kene mbak.” (Suyadi 30 Januari 2020)

Saka andharan kang ana ing ndhuwur iki ngandharake yen kuluban iku tegese ngenani kasuburan wit-witan utawa tanduran kang ana ing desa Banyubiru sing digawe sesajen kanggo adhicara Gumbregan Mahesa iki.

(3) Pitik Utawa Ingkung

Ingkung iki ana ing jaman biyen dadi bab sing aji banget nilainé. Bab iku tegese yen kita ora bakal saben dina mangani pitik wae apa maneh ing jaman mbiyen. Kabeh kang ana ing pitik wiwit saka ngisor nganti ndhuwur iki penting banget. Bab iki kaya sing duandharake ana ing ngisor iki:

- (6) “Ingkung iki dadi piwulangan sing becik tumrap kita kabeh ora mung ngenani iki aning ngennai yen kita urip ana ing ndonya iki tansah elling lan waspadha ngenani apa wae. (Suyadi 30 Januari 2020)

Bab kang ana ing cuplikan iki minangka perangan pitutur yen tegese ingkung iki minangka perangan sing bisa digugu. Ingkung iki pralambang pitutur kanggo para manungsa kanggo jejibahan marang Gusti iku kudu sing tenanan. Ora kena nyepelake banjur uga tansah nyen

yuwun ana ing ngarsane Gusti kanggo paring ampun ngenani dosa-dosa kita ing suwe iki.

(4) Jadah Utawa Tetel

Jadah ing kene tegese yaiku bisa ngraketake paseduluran. Bab iku kaya apa kang diandharake ana ing ngisor iki lumantar wawancara:

- (7) “Jadah iki tegese minangka pralambang bisa ngraketake paseduluran mbak. Sampeyan mesthi ngerteni yen jadah kuwi tekstur lengket utawa kelet” (Suyadi 30 Januari 2020)

Saka andharan kang ana ing ndhuwur iki ngenani tegese jadah yaiku bisa ngraketake paseduluran kang ana ing desa Banyubiru. Kaya wujud jadah sing kelet lan kaya ditetel-tetel iki, bab iku kaya pratandha yen paseduluran iki kudu kaya mangkana.

(5). Kupat lepet

Teges utawa makna saka kupat lepet iki yaiku menawi lewat nyuwun panganpunte. Banjur uga ana sing ngandharake yen kupat lepet iki minangka makna kanggo nyuwun keslametan parang sing nggawe urip. Bab iku kaya sing diandharake ana ing ngisor iki.

- (8) “...Kupat lepet iki nduweni makna ngenani yen nduwe lepat nyuwun panganpunte. Bab iku uga diterusake ana ing panguripan” (Suyadi 30 Januari 2020)

Andharan kang ana ing ndhuwur iku mbutekake yen kita mangretni ngenani yen salah kudu njaluk ngapura lan ora bakal nduweni ati kang ala.

(6). Gedhang raja setangkep

Gedhang nduweni makna kang kinandhut yaiku ngenani wujud syukur masyarakat banjur gedhange iku negesake yen bab iki maringi pakurmantan ana ing leluhur sing mbaurekso Desa Banyubiru iki. Bab iki kaya apa kang diandharake ana ing ngisor iki:

- (9) “...Gedhang iki nduweni makna yaiku iki kan gedhang raja ta mbak. Mula saka kuwi iki minangka eewujud pakurmatane desa Banyubiru kanggo para leluhur sing wis mbangun Desa Banyubiru ana ing mbiyene” (Suyadi 30 Januari 2020)

Andharan kang ana ing ndhuwur iki mau ngenani Gedhang kang maknae piranti kanggo ngormati para leluhur utawa saka wae pawongan sing wiwit jaman mbiyen mbangun desa nganti kaya ngene iki. Uga bisa ditujukake ana ing wong sing mimpin desa iki nganti saiki.

(7). Bubur

Ana ing kene iki tegese bubur yaiku yen bubur sing purane babang iki maknane dadi calon ibu dene yen bubur

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

sing purane putih iki pratandha dadi calon bapak. Bab iku padha kaya apa sing diandharake ana ing ngiosr iki:

- (10) “.....iki sing makna bubur iku mau ya mbak yen wernane iku putih pratandha arep dadi calon bapak dene bubure wernane abang iku pratandha arep dadi calon ibu” (Suyadi 30 Januari 2020)

Andharan kang ana ing ndhuwur iki ngenani bubur. Maknane bubur merah iki diarani dadi calon ibu yaiku amarga ana ing njero kandhungan utawa rahime wanodya utawa ibu iki wernane putih. Banjur ngenani bubur sing wernane putih iki kok bisa ditegesi calon bapak yaiku digayutake karo rupa sprem akng ana ing wong lanang.

(8). Endhog

Endhog minangka wujud perangan sing ana gegayutane karo bab prakara awal nganti akhir. Bab iku kaya apa kang diandharake ana ing ngisor iki:

- (11) “Yen ngenani perangane iki maknane yaiku ngeanni urip sing sarwa ana tahapan lan rintangan kang dumadi ing njerone iku mau. Kabeh padha diilung supaya ana ing pungkasan bisa dadi apik” (Suyadi 30 Januari 2020)

Ana ing ndhuwur iki ngandharake yen Endog digodhog lan disuguhne wutuh, supaya yen arep mangan kudu diwonceki dhisik. Babagan kuwi sesambungan karo piwulang jawa ngenani tata, titi, titis lan tatas, sing nduweni arti etos kerja sing apik yaiku kerja sing dirembug dhisik, teliti, bener itung itungane lan pungkasane rampung kanthi apik.

(9). Sega golong

Makna kang sumirat ana ing sega golong kang ana ing tradhisi Gumbregan Mahesa iki yaiku nganani tekat sing dinduweni ana para masayaraht iki bisa nduweni semangat kang kuat kaya dene wujud saka sega golong kang bunder-bunder iku mau. Perangan iki kaya apa kang diandharake ana ing ngisor iki.

- (12) “Saka sega golong iki minangka pratandha ten tekat kang bulat kaya pa sing dadi wujuding sega golong iki mau.” (Suyadi, 30 Januari 2020)

Saka cupilkan kang ana ing ndhuwur iku mau ngandharake yen kita minangka pawongan iki kudu nduweni tekat kang gedhe, tekat kang kuat ana ing sajrenone iki. penyajiana kanthi bunder bunder sing cacah ana pitu. Bab iku kaya apa sing diandharake yen Gusti nyipakake sakabenahe iki mung pitung dina. Bab iku didelok saka yen menehi sega golong iki ccahe ana pitu

(10). Jenang

Jenang iku uga maneka warna bentuke yaiku ana sing putih lan biru. Saka warna loro iku mau jelas wae ora padha makne ana ing tradhisi Gumbregan Mahesa iki. bab iki kaya apa kang diandharake ana ing perangan iki:

- (13) “..Sing jenang abang iku mau tegese tansah pepeling marang apa sing dadi cikla bakale banjur sing paling loro ana jenang putih sing maknae yaiku ngenani apam kang dadi lelanpahane iki kudu bisa eling marang kaya kepriye mbiyene” (Suyati 30 Januari 2020)

Saka perangan andharan ing ana ing ndhuwur iki minangka wujud teges saka jenang sing nggawe panguripan kita bisa luwih katata kanthi apik.

(11). Kacang

Ana ing ubarampen iki kacang minangka nduweni teges yaiku kudu bisa nglestarikake babagn tradhisi kang ana ing sakiwatengeni kita. Bab iku kaya apa kang diandharake ing ngisor iki:

- (14) “...kacang iki tegese kudu bisa nglestarikake ana sing dadri tradhisi kita kang ana...” (Suyadi 30 Januari 2020)

Saka andharan kang ana ing ndhuwur iki mau ngandharake yen perngan iki kudu ditindakake dening manungsa. Amarga bab iki ddai panunutan kang apik kan panuntun sing cetha bnaget. Kita dikobgkon luwih apik maneh anggone lumaku. Yen beck kudu dtindakke yen ala kudu ditinggalake.

(12). Srendeng

Ing kene srendeng nduweni teges yen bisa kanggo nglancaraké panjaluk. Bab iku kaya apa kang diandharake ing ngiosr iki:

- (15) “Maknane srendeng iki minangka pralambang sing bisa nglancaraké rejeki mbak. Banjur ngenani samubarang sing ambyar iki diwastani uga saka srendeng.” (Suyadi 30 Januari 2020)

Cuplikan kang ana ing ndguwur iki minangka perangan sing gegatutane karo apa ing ana ing panguripan. Manungsa ora bisa adoh saka apa sing dadi panjaluke marang Gusti. Gusti sing maringi rejeki kang tanpa upami iki kudu kita imbangi karo perilaku kang apik lan sregep ngibadah. Ana ing kene srendeng iki kaya pralambang gawe ngaripiki urip kanggo tetep ngucapake syukur marang Gusti sing maringi rejeki

(13). Karuk

Karuk iki digawe saka rong bahan yaiku beras lan ketan. Para warga yakin amarga ba iku didadekne siji sing kudu dijaga anggone pralambang paseduluran bab iku kaya apa kang diandharake ana ing ngiosr iki:

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

- (16) “Tegese karuk ana ing kene iki ngenani rasa persatuan mbak. Dadi ngene, saka bahane iki ana rong macem mula saka kuwi ba iku bisa dadi rasa persatuan.” (Suyadi 30 Januari 2020)

Saka andharan kang ana ing dhuwur iki ngandharake yen karuk iki ngenani rasa persatuan amarga ana rong bahan kang ana ing kene sing didadeken siji. Mula saka kuwi, para warga uga pengin yen saka anane pambada kang ana ing masyarakat iki, bisa tetep ndadekake rasa persatuan kang ana supaya tetep rumaket siji lan sijine.

(14) Jagung

Saka perangan jagung iki kanggone para Warga Banyubiru iki ngenani gambaran pamikirane oara manungsa kang ana ing ndony aiki. Bab iku kaya apa kang diandharake ana ing ngisor iki yaiku:

- (17) “Perangan jagung iki tegese yaiku ngenani pamikirane para manungsa mbak. Tegese yaiku ngenani pakirane sing kudu ditumbuh lan ngrembaka.” (Suyadi 30 Januari 2020)

Saka andharan cuplikan asile wawancara kang ana ing ndhuwur iki yaiku ngenani tegese jagung yaiku ngenani gambaran pamikirane para manungsa sing kudu tuwuh lan ngrembaka kaya jagung sing kudu dijaga, disiram, lan dirabuk supaya tetep tuwuh. Banjur tegese kaping loro yaiku ngenani gegambaran sareh. Kaya kepriye tanduran jagung iku sing sithik-mbaka sithik tuwuhe.

4.6 Fungsi saka TGM

Saliyane fungsi minangka dadi bab kanggo panunwun dhumateng Gusti amarga wis panen lan kebo-kebo iki isih sehat, banjur dianakake Gumbregan iki. Kita kadhangkala mung mangretni ngenanai fungsi Tradhisi Gumbregan Mahesa iki kanngo perangna pangucapn syukure para warna masyarakat dening Gusti sing wis maringi kalimpahan rejeki lan bahasa wasas panjang umur ana ing kebo-kebone iku mau. Banjur ana ing ngisor iki uga bakal diandharake ngenani fungsi liyane saka Gumbregan Mahesa kang ana ing Desa Banyubiru iki fungsi panemu saka (William R. Bascom) ana fungsi liyane minangka pengantar kang tuwuh kanthi anane pangrembakane bakal diandharake ana ing ngisor iki:

4.6.1 Minangka Piranti Pendhidhikan

Pendhidhika minangka perangan sing wigati banget tumrap panguripan kang ana iki. kabeh pawongan ora bisa ngadoh saka sing jennege pendhidhikan. Lumantar pendhishikan kita bisa mangretni ngeanani apa apa wae kang kinanadhuta na ing njero tradhisi kasebut. contone kaya bab agama, bab tata krama, lan bab sosial. Sing

kapisanan ana perangan agama. Biasane ana ing tradhisi ngene iki ngandhur bab agama. Kayata ana ing Tradhisi Gumbregan iki ana tata laku slametan. Banjur ana ing njero slametan iki mau ana dedonga-dedonga sing kudu ditindaakalke bab iku ngandharake yen ana ing kene iki bab agama uga dientukake. Sing kaping loro ana bab tata krama. Gegayutane fungsi tradhisis karo tata krama yaiku inambung banget. ana ing sadawane tata laku kang ana ing Gumbregan Maheda iki akeh banget kagiyatan kang ana ing njerone iku mau. bab kagiyatan sing akeh iku ora luput saka anane para masyarakat kang teka lan melu cawe-cawe. Mesthi wae antara siji lan sijine nduweni interaksi.bab sing kaya ngene iki antarane para kawula mudha lan para sesepuh dadi kuduana tata kramane. Kepriye carane ngendika karo song sing lueih enom banjur ing wong sing luwih tuwa bab iku nyata banget. banjur uag ana ras tepa selira.

Ana ing pungkasane yaiku ngenani bab nilai sosial. Nilai sosila an ing kene iki dadi bab kang paling onja. Amarga bab tradhisi Gumbregan Mahesa iki dadi perangan kang gedhe banget. kula ana akeh pawongan kang terlibau ing njerone. Mula saka kuwi kaciptaan sosial sing dhuwur. Saka nilai sosial sing kabentuk iki mujudahe perangan kayata yen diaturi rawh ana ing bancakan ing tanggane bakal mara banjur saka perangae tradhisi ik uga nganakake kerja bakti, bab iku sing marai nilai sosial iku kapupuk

4.6.2 Minangka Wujud Syukure Masyarakat Dening Gusti Pangeran

Tradhisi Gumbregan Mahesa iki ngenani fungsi kanggo wujud pangucap syukur. Bab iku wis ketok banget. anane wujud syukur ing ngansanipoun Gusti awit saka pananen sing malimpah lan ora ana alangan sijipun. Banjur sing paling wigati yaiku kebo-kebo kang ana ing sing nyewangi para tani iki isih sehat lan isih diparingi umur kang panjang. Mula saka kuwi, muwujud pangucap syukure lumantra digumbreki iku mau. ora ana bab sing bisa nandhingi bingahe para tani yen lagi panen kaya Gumbregan Mahesa iki. kita minangka manungsa kang urip ing ndonya iki mesthi wae nduweni rasa panuwun yen wuis diparini saperangan bab ana ing kita. Bab iku uga ana ing tradhisi iki. yen Gusti awe wis maringi kalimpahan rejeki kan kalimpahan kasehatan ana ing kebo, banjur kita kudu mbales kebajikan iku masya ora ana tandingane kanthi lumantar maringi persembahan wujud asil panen nalikane setaun iki.

4.6.3 Minangka Sarana Kontrol Sosial

Fungsi Gumbregan Mahesa ana ing babagan kontrol sisial iki bakal ketok banget. bab iku bisa kita delok ana ing tingkah laku para masyarakate ing sawijining Gumbregan Mahesa iki. Yen tuladhane kaya

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

sing diandhrake ana ing ndhuwur iku, banjur bakal ana babkanggo ngrubah iku tuladhane kaya ngenani bab dituturi lan diwenahi pawulnagn ngenani tata krama sing bener lan bisa ngrubah tumindhake sing ala iku mau supaya ora ana perangan sing bisa ngrusak kahanan Desa.

Banjur ana maneh kahanan desane kita bisa mangretni kahanan desa lan pawongane nalika Tradhisi Gumbregan iki kalaksanan. Ateges nalikane ngene iki kita ngreti kaya keriyane ubarampen kang ana semeriah apa adhicara ne bab iku bisa didelok saka kene. Uga ngenani hiburan sing dipilih. Kayata dangdut orkestra utawa malah pengajijian. Bab iku kabeh bakal ketara ana ing prosesi tradhisi lumaku

4.7 Upaya Pelestarian Tradhisi Gumbregan Mahesa

Kagiyatan upaya kanggo nglestarekake utawa nguri-uri budaya iki minangka kagiyatan kang positif sing ditindakake dening saperangan uwong utawa kelompok tumrap sawijining kabudayan kang ana wiit jamna mbiyen supaya ora kagires jaman lan ora ilang. Banjur upaya pelestarian iku ana telu perangan sing bisa mbiyantu anggone tetep ngrembaka yaiku lumantar pemerintah, lumantar sekolah lan lumantar masyarakat. Kabeh iku mau bakal diandhrake ana ing ngisor iki kanthi cetha lan gamblang.

4.7.1 Upaya saka Pamarintah

Minangka upaya kanggo pelestarian, pamarintah dadi bab kang paling pokok. Amarga pamarintah bisa nggerakake para masyarakat kanggo tetep nguri-uri. Lumantar pamarintah kang ana iki, pamarintah uga kuwi melu nyenkhuyung lan cawe-cawe sanalikane tradhisi Gumbregan Mahesa iki kalampahan. Kajaluk supaya pamarintah uga kudu nduweni dokumentasi lumantar foto, video lan rekaman liyane sing kagunaane iku diduduhake ana ing masyarakat liyane uatwa disebar luasan ngenani sawijining Tradhisi kang ana iki. Saka ngakoni yen tradhisi iku nyata iki wae wis dadi perangan kang unggul. Lumantar pemerintah uga bisa ndadekake ruang kanggo wadhah ngenani informasi babagan Gumbregan Mahesa iki utamane.

4.7.2 Upaya Saka Sekolah

Upaya pelestarian kang bisa dilakokake ing liyane yaiku lumantar sekolah. Lumantara lembaga sekolah kang ing Desa panggon Tradhisi iki bisa nambah perangan kang wigati banget. Sekolah dadi panggonan kanggo ngangsu kawruh sing paling dhasar. Manungsa sing urip ana ing ndonya iki mesthi wae wis ngrasakne kaya kepriye lelakune sekolah. Kita yen ana ing sekolahan iki nggawa dhampak kang positif amarga ana ing sekolah kita bisa nambah pengetahuan lan wawasan sing durung nate kita

plajari. Saka sekolah pambentukan karakter sing nomer loro saliyané ana ing omah. Sekolah minangka piranti kanggo nggayuh apa wae sing pengin kita mangerteni. Ana ing upaya iki sekolah uga kajaluk kanggo melu ngupayakake pelestarian tradhisi lan kabudayan.

4.7.3 Upaya Saka Masyarakat

Masyarakat mujudake elemen sing bisa nggawe dampak perubahan kang cepet banget. Masyarakat yaiku manungsa kang urip lan uga nindakake saperangan tradhisi kang ana ing sakiwa tengene. Upaya kanggo nglestariakake iki minangka wujud kanggo manungsa supaya Tradhisi kang ana mligine Tradhisi Gumbregan Mahesa iki minangka dadi punjering babagan. Supaya ana ing jaman anak putu kita kabeh isih ana tradhisi kasebut lan isih isa ngrasakne kaya piye makna kang kinandhut ana ing njerone. Minangka manungsa, upaya kanggo nglestariakake kabudayan lan tradhisi iki minangka tuwuh saka diru kita dhewe. Ana ing perangan iki panuwuhan iki ora kaya apa kang dadi jejibahane sing abot. Kita minangka masyarakat kudu nduweni greget kang gedhe kanggo nyuri-uri perangan bab Tradhisi kang ana iki.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Ngenani Tradhisi Gumbregan Mahesa iki minangka perangan folklor setengah lisan, bab wis thukul kang kasumbar utawa ngrembaka ana ing Desa Banyubiru iki. Mula bukane tradhisi Gumbregan Mahesa iki ana sambung rakete karo mula bukane Desa Banyubiru iki sing diawiti saka anane Kertiotdjoyo sing nemokake sendhang sing rupane biru banget, saiki sendhang iku mau wis ora biru maneh rupane. Ananing sendhang utawa kedhung iku mau isih diuri-uri nganti saiki. Tradhisi Gumbregan Mahesa ana ing kene minangka ikon sing isih ngrembaka nganti seprene sing dianakake ana ing Jumat Pahing sing wis dimangereteni dening wong akeh nganti tekan manca.

Banjur babagan makna uga fungsi ubarampen lan saben tata laku ana TGM ana ing Desa Banyubiru iki ngandhut teges kang wigati. Saka anane makna lan fungsi ngenani tradhisine, ubarampene uga tata lakune iki, bisa kajaluk supaya luwih ngungemi lan luwih ngupaya kanggo nglestariakake sing ancane supaya tradhisi iki ora kagerus karo jamna sing saya maju iki.

Saka perangan TGM iki uga ana upaya kanggo nglestariakake yaiku minangka upaya saka pamarintah, upaya saka Sekolah lan upaya saka masyarakat dhewe. Saka anane upaya-upaya iki kajaluk kabeh lembaga lan elemen bisa nyawiji dadi siji supaya tradhisi kang ana ing tlatah Jawa iki ora ilang. Amarga yen upaya iki ora katindakake, rasa kanggo nguri-uri kabudayan kudu tuwuh

Tradhisi Gumbregan Mahesa Ing Desa Banyubiru Kecamatan Widodaren Kabupaten Ngawi (Tintingan Folklor)

sajoning kita dhewe. Amarga perngan upaya ngresatikake iki bakal ana perubahane ana ing pungkasan

5.2 Pangrayogi

Ngenani bab kabudayan kang ana ing sakitare kita iki termsuk akeh bnaget. Ananging saka akehe tradhisi kan iki yen ora diimbangi karo upaya pelestarian kang ana ing kene iki ya padha wea. Kabudayan iki bisa ilang yen kita ora ana greget kanggo nyengkuyung lan nguri uri. Kita minangka manungsa kudu nduweni tekat saka njero ati ora mung karna dipeksa. Saka perangan upaya-upaya peseltarian kudu bener-bener dilaksanakake. Tradhisi Gumbregan iki kalebu folklor Setengah lisan ateges yen tradhisi kuwi kaebu ing folklor setengah lisan, cara kanggo ngrembakake lumayan ora gampang ateges gampang ilang tinimbang laya peninggalan bersejarah ngono kae.

Panliten iki nduweni pepenginan ngenani apa sing dadi dhasar ana ing Tradhisi Gumbregan Mahesa iki. supaya tradhisi iku luwih ngrembaka maneh apa manrh ing kalangane pamuda saiki sing wis ora gelem ngleluri perangan kabudayan iki. dening lembaga utawa elemen kayata pamarintah, sekolah lan lembaga liyane uga kudu melu nyengkuyung tumrap tradhisi supaya tetep ngrembaka. Banjur ancasa panliten iki yaiku supaya luwih akeh sing mangreteni ngeanni Gumbregan Mahesa iki wiwit saka makna nganti fungsi saka sakabehe tradhisi kang ana ing Desa Banyubiru iki.

Kenangapa kita kudu nglestarekake tradhsisi iki sing ana ing jaman sing sarwa maju iki? supaya anak putu kita ing mbesuke isih bisa mangerteni ngenani tradhisi iki lan tradhisi liyane sing akeh bnaget iki. apa maneh iki kalebu ing folklor setengah lisan. Yen folklor setengah lisan iki ora diur-i-uri kanthi bener, tradhine bakal ilang lan anak putu kita ora bisa ngerti. Bab iku ndadekake anak putu kita mbesuk kurang wawasan ngenani kabudayan, kamangka kita iki urip ana ing talatah Jawa sing kebak karo kabudayan sing maneka warni lan ancasa.

KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsini. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Rineka Cipta
Ahmadi, Abu. 1986. *Antropologi Budaya*. Surabaya: CV Pelangi
Bakker, JWM. 1984. *Filsafat Kebudayaan, Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanisiun
Danandjaja, James. 2007. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti
Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia, Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Grafiti Press

Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti
Endaswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*, Yogyakarta: Medpress
Endaswara, Suwardi. 2010. *Folklor Jawa, Bentuk, Macam dan Nilainya*. Jakarta: Penaku
Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graham Widya
Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan*. Surabaya: HIKSI
Koentjaraningrat. 1984. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*, Jakarta: Djambatan
Koentjaraningrat. 1987. *Pengantar Hukum Adat Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia
Koentjaraningrat. 2003. *Pengantar Antropologi I*. Jakarta: Rineka Cipta
Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana
Luxemburg, Jan Van. 1922. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
Luxemburg, Jan Van. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia
Meka, Delta 2016. *Tradhisi Purnama Sidi Ing Kabupaten Ponorogo (Tintingan Wujud, Makna lan Piguna)*, Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara
Moleong, J Lexy. 2006. *Matodologi penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Gramedia
Poerwadarminto. 1976. *Kamus Baoesatra Djawa*. Jakarta: Balai Pustaka
Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradhisi*. Jakarta: Gramedia
Suwarni, Sri Wahyu. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Bintang
Santoso, Gempur. 2007. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Jakarta: Prestasi Pustaka Publisher
Sulaeman, Munandar. 1998. *ilmu Budaya Dasar*. Bandung; PT Refika Aditam
Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa (Antropologi Budaya)*. Surabaya: Unesa Press.
Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra wacana